# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में पुलिस आरक्षी क दुइ हजार तेइस क सीधी भर्ती बदे बिहने परीक्षा सुरू हो जाई। तेइस, चउबी, पचीस, तीस अउर एकतीस अगस्त के सड़सठ जिला के एक हजार एक सौ चउहत्तर केन्द्र पर परीक्षा होई। येह परीक्षा के नकलविहीन अउर बढ़ियां से पूरा करावे बदे पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार कड़ेर निरदेस दिहले हवें। उहां के परीक्षा के दौरान सुरक्षा व्यवस्था बदे परीक्षा केन्द्र जाये वाले राहिनि पर सीसीटीवी कैमरा के चालू करावे क निरदेस दिहलीं। सथहीं, अउरियो कैमरा लगावले के कहलीं। एकरे अलावा चिन्हित हॉटस्पॉट प ड्रोन कैमरा से नजरि रक्खले अउर सोसल मीडिया सेल आ अभिसूचना तंत्र के सतर्क कइले के कहलीं। ओहर, जिलन में पुलिस अधिकारी लोगि परीक्षा केन्द्रन क निरीक्षण कइलें अउर तइयारियन के जायजा लिहलें येह परीक्षा के अड़तालीस लाख आवेदकन में से बीस हजार से बेसी संदिग्ध निकरल हवें, इनकर आधार कार्ड क ब्यौरा मूल डाटा से नाहीं मिलत हौ। इनके दस्तावेजन क सत्यापन केन्द्र पर दोबारा कइल जाई।

ओहर कई जिला में परीक्षा वाले दिन स्कूलन के बंद कइले के फइसला कइल गइल हौ। गोरखपुर के डीएम 23 अउर 24 अगस्त के बारहवीं तक के सज्जों स्कूलन के बंद रखले के आदेस दिहले हवे।

**********

प्रदेस के कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही आजु बनारस के काशी विद्यापीठ ब्लॉक में कृषि उत्पादन संगठन औद्योगिक विपरण सहकारी समिति लिमिटेड क मुयायना कइले अउर संगठन के जरिया से स्थापित परियोजना अउर ओहसे मिले वाली सुविधा क जनकारी लिहलें। ऐह मौका पर उहां के राज्य के किसानन बदे एगो वेबसाइट डब्ल्यू डब्ल्यू डब्ल्यू डॉट यूपी किसान डॉट ओआरजी क सुराआत कइलें। एकरे जरिया से किसानन के खेतीबारी क नया–नया जनकारी मिल सकी।

**********

बनारस में ज्ञानवापी परिसर क वुजूखाना क ऑर्कियोलॉजिकल सर्वे ऑफ इण्डिया से सर्वे करवले क मांग पर दाखिल पुनरीक्षण याचिका क अगला सुनवाई नौ सितंबर के होई। आजु हाईकोर्ट में अंजुमन इतजामिया मस्जिद कमेटी की ओर से हलफनामा दाखिल कइले के बाद याची क ओकिल ओकर जवाब दाखिल करे बदे समय मंगलें जेह पर अदालत ऐह मामले क सुनवाई टाल दिहलस। न्यायमूर्ति रोहित रंजन अग्रवाल क एकल पीठ ऐह मामले क सुनवाई कर रहल हौ।

**********

मथुरा जिले क वृंदावन में बांके बिहारी मंदिर में सत्ताईस अगस्त के जन्माष्टमी के मौका पर बुजुर्ग, लइका अउर बेमार लोगिन के परवेस नाही मिली। ऐह बारे में मंदिर की ओर से बुध के ई एडवाइजरी भारी भीड़ अउर कई जगहिन पर भईल घटना के देखत जारी कइल गइल हौ। ब्रज तीर्थ विकास परिषद के मुख्य कार्यकारी अधिकारी श्याम बहादुर सिंह बतवले कि ऐह बेर पांच हजार दो सौ इक्यावनवें श्रीकृष्ण जन्माष्टमी महोत्स्व क सुरूआत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पच्चीस अगस्त के मथुरा जिला में करिहें। उहां के बरसाना रोपवे अउर यमुना क्रूज समेत एक सौ सैंतीस परियोजना क सौगातों दीहें।

**********

प्रदेस के पूर्वी जिलन में पछिला तीन दिन से आसमान मे बादर छवले हौ अउर रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। एकरे चलते तापमान में गिरावट आइल हौ जेह से लोगिन के राहत मिलल हौ। मौसम के येह रूख से किसानन में खुसी हौ मौसम विभाग के मोताबिक बादर छाये रहले अउर रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला तीन–चार दिन ले जारी रही। ओहर बैराजन से पानी छोड़ले के नाते कई नदियन के जलस्तर में बढ़ाव आइल हौ। बनारस में गंगा क कई गो घाट डूब गइल हौ। पीलीभीत में बनबस बैराज से पानी छोड़ले से सारदा अउद ओकर सहायक नदियन क जलस्तर बढ़ी गइल हौ।

**********

ललितपुर जिला के महरौनी तहसील के भैरा गांव में डायरिय से दुई भाई समेत तीन मासूम लगकन क मउति हो गइल हौ। जबकि एक दर्जन लोगिन के अस्पताल में भरती करावल गइल हौ। सूचना मिलले के बाद स्वास्थ्य विभाग क टीम गांव पहुंच गइल हौ अउर लोगिन के डायरिया से बचले क दवाई बांट रहल हौ।

**********

इटावा जिले क महेवा ब्लाक क मेंहदीपुर गांव में नाला निर्माण के दौरान एगो घर क दीवार दरकले से ओहमें दब के तीन मजूरन क मउति हो गइल अउर दुई मजूर घाही हो गइलें। घायल मजूरन के महेवा क अस्पताल में भरती करावल गइल हौ।

**********